**दिन–गुरूवार** **दिनांक–04.12.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

बिहार विधानमंडलक दुनू सदन मे राज्यपालक अभिभाषण पर धन्यवाद के प्रस्ताव बिना कोनो संशोधन के पारित भऽ गेल। विधानसभा मे चर्चा मे भाग लैत मुख्यमंत्री नीतीश कुमार कहलनि जे वर्ष दू हजार पाँच सँ प्रदेश मे कानूनक राज्य स्थापित अछि। हुनक सरकारक प्रमुख उद्देश्य सुशासन के संग विकास करब अछि। श्री कुमार कहलनि जे प्रदेश मे अगिला पाँच वर्षक दरमियान एक करोड़ युवा लोकनि के रोजगार आ नौकरी देबाक लक्ष्य निर्धारित कयल गेल अछि। संगहि मुख्यमंत्री महिला रोजगार योजनाक अंतर्गत महिला लोकनि के आर्थिक रूप सँ आत्मनिर्भर बनाओल जा रहल अछि। श्री कुमार बिहारक विकास पर विशेष ध्यान देबाक लेल प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के प्रति आभार व्यक्त कयलनि। उप–मुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा कहलनि जे सुशासनक सरकार सबका साथ सबका विकास के सिद्धांत पर काज करत। संसदीय कार्य मंत्री विजय कुमार चौधरी कहलनि जे केन्द्र आ राज्य सरकारक संयुक्त प्रयास सँ बिहार के विकसित राज्य बनेबाक सपना पूरा होयत।

एहि चर्चा मे लोक जनशक्ति पार्टी रामविलासक राजू तिवारी, हिन्दुस्तानी अवाम मोर्चाक ज्योति देवी आ राष्ट्रीय लोक मोर्चाक माधव आनंद कहलनि जे मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक नेतृत्व मे बिहार मे वर्ष दू हजार पाँचक बाद मे व्यापक परिवर्तन भेल अछि। चर्चा मे भाग लैत राष्ट्रीय जनता दलक कुमार सर्वजीत अतिक्रमण के नाम पर गरीब सभक घर उजाड़बाक मुद्दा उठौलनि। ओ कहलनि जे विपक्ष सरकारक एहि मानसिकता के लऽकऽ सड़क पर उतरत। ओतहि कांग्रेसक मनोहर प्रसाद सिंह, सीपीएम के अजय कुमार आ एआईएमआईएम के अख्तरूल इमान कहलनि जे जेना गरीबक घर बिना वैकल्पिक व्यवस्था के उजारल जा रहल अछि, ई गंभीर मामिला अछि।

अभिभाषण पर सरकारक दिस सँ उत्तर दैत उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि जे मुख्मयंत्री नीतीश कुमारक नेतृत्व में एनडीए सरकार अपराध आ भ्रष्टाचारक विरुद्ध जीरो टॉलरेंस के नीत पर काज कऽ रहल अछि। ओ सरकारक उपलब्धि के चर्चा करैत कहलनि जे चुनाव परिणाम सँ स्पष्ट भऽ गेल अछि जे राज्यक जनता मात्र एनडीए सरकार पर भरोसा करैत अछि। विधानसभा मे नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादव के अनुपस्थिति के मध्य विपक्ष

द्वारा राज्यपालक अभिभाषण मे संशोधन के प्रस्ताव के अस्वीकृत कऽ देल गेल आ धन्यवाद प्रस्ताव स्वीकृत भेल। एम्हर, विधान परिषद मे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार राज्यपालक अभिभाषण पर सरकारक दिस सँ उत्तर देलनि। संशोधन प्रस्ताव पर अवसर नहि देल जयबा पर विपक्ष सदन सँ वॉकआउट कऽ गेल। मुख्यमंत्री के उत्तर के बाद सदन संशोधन प्रस्ताव अस्वीकृत कऽ देलक। ओतहि, धन्यवाद प्रस्ताव स्वीकृत कयल गेल।

——————————————————————

एहि सँ पहिने जदयूक वरिष्ठ नेता नरेंद्र नारायण यादव के आइ सर्वसम्मति सँ विधानसभाक उन्नैसम उपाध्यक्ष चुनल गेल। उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी श्री यादव के विधानसभा उपाध्यक्ष बनाओल जयबाक लेल सदनक समक्ष प्रस्ताव राखलनि। संसदीय कार्य मंत्री विजय कुमार चौधरी द्वारा प्रस्ताव के अनुमोदन कयल गेल। विधानसभा सदस्य लोकनि सँ प्रस्ताव पर सर्वसम्मति सँ सहमति के बाद विधानसभा अध्यक्ष प्रेम कुमार नरेंद्र नारायण यादव के उपाध्यक्ष निर्वाचित हेबाक औपचारिक घोषणा कयलनि।

——————————————————————

रेलवे मे नोकरी के बदला जमीन घोटाला मामिला मे दिल्ली के विशेष अदालत मे आइ एक बेर फेरो सुनवाई नहि भऽ सकल। अगिला सुनवाई आब आठ दिसम्बर के होयत। एहि मामिला मे राजद अध्यक्ष लालू प्रसाद आ हुनक परिवारक कतेको सदस्य सहित आन आरोपी सभ पर आरोप सिद्ध भेला पर निर्णय सुनाओल जयबाक अछि।

——————————————————————

केन्द्रीय महिला आ बाल विकास मंत्री अन्नपूर्णा देवी आइ नव दिल्ली मे बाल विवाह मुक्त भारतक लेल सय दिनक गहन जागरूकता अभियानक शुभारम्भ कयलनि। ई अभियान बाल विवाह मुक्त भारत अभियानक पहिल वर्षगाठक उपलक्ष्य मे आयोजित कयल गेल। एहि अवसर पर महिला आ बाल विकास मंत्री कहलनि जे सरकार दू हजार तीन धरि भारत के बाल विवाह मुक्त बनेबाक लक्ष्य राखलक अछि। ओ कहलनि जे समाज, सामुदाय आ नागरिक लोकनिक सक्रिय भागीदारी सँ देश बाल विवाह मुक्त बनेबाक दिशा मे निरंतर आगां बढि रहल अछि।

————————————————————————

बिहार लोक सेवा आयोग सहायक शिक्षा विकास पदाधिकारी प्रतियोगिता परीक्षाक संभावित तिथि जारी कऽ देलक अछि। परीक्षाक आयोजन दस, ऐगारह, बारह, तेरह, पंद्रह आ सोलह जनवरी के होयब संभावित अछि। आयोग कहलक अछि जे, जे अभ्यर्थी ऑनलाइन आवेदन नहि कऽ सकलाह अछि ओ पांच सँ बारह दिसम्बर धरि आवेदन सेहो कऽ सकैत छथि।

————————————————————————

पछुआ हवाक प्रभाव सँ प्रदेशभरि के न्यूनतम तापमान मे लगातार कमी भऽ रहल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटा मे नओ दशमलव नओ डिग्री सेल्सियस न्यूनतम तापमानक संग भागलपुरक सबौर लगातार दोसरो दिन राज्यक सभ सँ ठंढ़ा स्थान रहल। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे अगिला चौबीस घंटा के अंतर्गत न्यूनतम तापमान में दू सँ तीन डिग्री सेल्सियस के आओर कमी भऽ सकैत अछि।

————————————————————————

समाप्त भेल।